

Ахматова Раиса

****

Сатасар гIаьттина, зарзлуш бу бода,

Хиндолчун шоралла ю суна гуш.

Моттало, хIинцца со йоллу дIайоло

Дахарах, вайн ирсах эшараш сайн.

ХIинцца бен ца бевзи попан ницкъ суна,

Гушбоцчу пондаро хьоьсту сан дог,

Ткъа стиглахь, жаIуьно шен жа а санна,

Мохо дIалоьхку и мархаш а го.

Дохк даьржа леккхачу бердийн йистошца,

БIешерийн тIадмашца Iийдало и.

Де гIотту, сирла де малхаца доьлуш,

Махкахой, вайн ирсан цхьа де ду и.

Ткъа цхьанхьа-м жима йоI, сатасар кхойкхий,

Схьахьоду, дуьтий и шен жима цIа...

Пондарчин поэтан похIма а хIинца

Божаршна санна ду цунна муьтIахь.

Зевне а, ирсе а ду цуьнан елар,

Сан метта дIахIотта сихъелла йоI...

БIешераш дIаихна, поп тийна лаьтташ,

Ткъа хIинца мотт бийца Iемина и!

***

Шийла мох, со шельеш,

Сан дегIах хьерчалахь,

Меженаш егаеш,

Со къарьян хьажалахь,

Нуьцкъала шок етташ,

Сан лергаш къарделахь,

Хьайн суйнаш сан цІийца,

ДегІ шелдеш, кхарстаде!

Нагахь со хьан ницкъо

Харцаяхь бертал,

Нагахь со ницкъ боцуш

Йисича сел холчохь,

Сан голаш лахийна,

Ца гІоттуш йисича,

Сох къа а ца хеташ,

ДІашаръе лаьттара,

Даймахке, хьомечу,

Халкъе сан безам

Таллахь, барамал

И кIезиг хилахь,

Хьомечу махкана

Сан ницкъаш дIабала

Со кийча ца хилахь,

ДIаэца лаьттара.

**Нене**

Цхьа сингаттам баьлча,

Хилча хазахетар,

ИогIур ю хьо йолчу –

Ахь дIакхайкха со.

Со йоьлуш – хьо ела,

Елхахь – сан дог эца,

Ларъе къаьхьчу балех,

Хьехар суна деш.

Дахаран цу цIергахь

Тоъал со а яьгна.

ХIетте а ю дуьне

Хазахеташ со.

Нислора, тIам бойна

Олхазар а санна,

Со южуш а, амма

ГІоттура хьала.

Ахь до суна хьехарш,

Ларлуш хила бохуш,

Даима сагатдеш,

Ларйо хийла со.

Йина мохк, хьо, нана –

Шу ю-кх сан гІортораш,

Шуьшиннах а яьлла,

Лелалур юй со?

Ас сайн халчу хенахь

Лайнарш диц ца делла,

Гина буьйса къагош,

Кхетта шовзткъа малх.

Дахар – и ду дахар, –

Нисло дагахь доццург,

Текъамаш яц безаш,

Кхаьрда дозаллех.

Лор яц хьо, делахь а,

Дарба деш, ахь хийла

Когаш тӀе хӀоттий со,

Дагна гӀора луш.

Ахь ницкъ а лой, майрра

Йолий гена ара,

Буьрса дарц а эшош,

Бора ас сайн некъ.

БІаьрса хьан артделла,

Эшна дегІан гІора,

Къежъелла месаш го

Кортали кІелахь.

КъинтІера а ялий,

Доьху хьоьга, нана,

Дарбане куьйгашна

Баккхийта цкъа барт!

***

ДоттагIий, я седа, я малх гур боцуш,

Дуьнен чохь со шайца йоцчу хенахь –

Декийта сан иллеш, со карлайохуш,

Кхерстийта даима вайн лаьтта тIехь.

Безаман шабарш сан иллешка дайта,

Лепийта, хилла шайх Iуьйренан тхи.

Адмашка даима хаза ойла яйта

Лууш ю, со цаьрца цахиларх кхин.

Дахарехь дерриг дан ницкъ

сан ца кхаьчна,

Хийла ас, гIо эшна, Iений бIаьрхиш...

Иллешка дайта сан дан ницкъ

цакхаьчнарг,

Халкъана гIуллакх деш, декийта уьш!

***

КIайчу даькхнийн

IиндагIашлахь

Ойланехь цхьа

Лела со.

Цхьа кIайн марха

Техка стиглахь,

ГIургIаз санна

ХIорда тIехь.

Сайн дагахь ас,

Буьхьар хIуттий,

И кIайн мархаш,

Лоьцу схьа.

Уьш, марахь ас

Эвла яьхьна,

Берашна

Йоькъур ю д1а.

Лоллур ю д1а

Ас сайн гIайгIа,

Мохе яьлла,

Лаьттар ю.

Бераш ловзуш,

Самукъадаьлла,

Со а цаьрца

Ловзур ю.

Царна, дог сайн

ПаргIатдаьлла,

Эзар ловзар

Iамор ду.

.. .КIайчу даькхнийн

IиндагIашлахь

Ойланехь цхьа

Лела со...

***

Сайн шераш дІаэхарх, кхерац,

Гиччош сайн къеждаларх, елхац, –

Жималлехь сатуьйсуш лехнарг

Карийна. Харц хастам лехац.

Бес-бесар хилла сан денош...

Мел халчу новкъа со яларх,

Суо йина юрт йицйой лелаш

Хилла яц минотехь цкъа а.

Пепнаш го дийнна цхьа бода,

Хиш хеза эшаршца декаш,

Казбек лам го лепаш дIогахь,

Ойланехь кIадбелла хета.

Шена тIе кхоьллина гIовтал,

Кхузахь цкъа Iуьйренаш кхехьна

Пушкина. Сан махкахь башха

Поэмаш Лермонтовс яьхна.

Нохчийчоь! Сан хьоме Даймохк,

Хьан уьйтIа кхаьчнарг ю бIаьсте!

Со, кхоллам хьайчух дIаийна,

Къоналло шозлагIа хьаьсти.

***

Ас бехк ца буьллу

Со йолчу цаварна,

Со оьгӀаз ца яхна

Хьан кехат цадарна.

ХӀуммаъ дац, хьомениг,

Суна там ца бича,

Хийцамаш ма хуьлу –

Со царна ю кийча.

ХӀинца а хьалхара

Дац суна дӀадолуш

Хьан бӀаьргийн схьахьежар

Вайша цхьаьна долуш.

Ахь дина къамелаш

Сан лерехь лаьтташ ду,

Юьхьа тӀера цӀена бос

ХӀинца а лепаш бу.

Хийла де дӀадахна,

Хьоьга ас сатуьйсуш,

Хийла ас ларйина

Яхъелла буьйсанаш.

Ас бехк а ца буьллу

Хьан кехат цадарна,

Со оьIгаз ца яхна

Со йолчу цаварна.

**Х1ун хилла суна?**

Хууш яц, хIун хилла сайна:

Ницкъ кхачац йовза хьан къайле,

Я сан дог кIадделла-техьа,

Я хьан дог шелделла-техьа?

БIаьргаш чохь гергарло кхайкхош,

Лийхира вай вовшийн куьйгаш.

Дегаза хилла-те довзар?

Я хилла хьо харцдерг дуьйцуш?

Сайн хIусам шелъелла хета,

Декхна де хетало буьйса,

Хьо ца гуш, сагатло – кхета:

Безамо даг чохь кІеж туьйсу.

Дог паргІат лелачу хьуна

Хаац, со, сагатдеш, хьегар.

Хууш яц, хІун хилла сайна,

Лалац-кха хьо сайца эгІар...

***

Наб кхетац ехачу буса,

Седане наб йоьху аса.

Сох къа а хетта, цо суна,

Безаме хичаш йо лакхахь.

Бовзазчу новкъа со йоьду,

Юьртана йолу со генна.

ТIулгашна юккъехь цхьа шовда

Дистхуьлу, дош олуш хьоме.

ГIоьнна со кхайкхира хьоьга,

Йовхо а йийхира жимма,

Амма хьо хьаьжира соьга...

ТIехвелира юххешха шийла.

***

Хетара – дIаяхча,

Вицлур ву сайна,

Тешара –

чим хир бу безамах вайн.

ХIинца вай генахь ду,

ХIетте а суна

Вицлац хьо,

ХIун дер ас, со хууш яц.

Амма со Iемар ю

Хьо вицван, теша,

Даг чуьра эккхор бу

Хьоь безам ас.

БIаьргаш а сан хир бац

Даим хьо лоьхуш,

Я, хьуна сагатдеш,

Боьлхур бац уьш.

Лелар ву хьо тIаккха

Ма-луъу хьайна,

Новкъарло йийр яц ас,

Дехарш хьоь деш,

Амма синтем карор

Буй-техьа суна?

Ас муха суо ларъян

Еза-те хьох?

***

Сан кIант, хьан ирсана, нанна – суна

ХIун лаа деза хIоьттинчу кхиэлехь?

Хьайн кIантана лаьа дерриг хьуна.

Сан кIант, хIун совгIат луо аса хьуна,

Иэделлачу хьан некъашна юьххьехь?

Хьайн кIантана лун дерриг ахьа.

Со хьуна нана ю, ден метта ю –

Хьехар дан, кхаъ лаа сан декхар ду,

Ткъа хьо дIахIоьтти къонаха хилла.

***

Соьгара совгIатна дIаэца

Сахуьлуш гӀийлачу серлонца

Бовш болчу седанан и йовхо,

Беттаса – сан деган безамца.

Буьйсанна яьгна дӀаяйна

Йовхонан гӀийла цӀе цуьнан,

Ткъа сан дог, йовхо луш суна,

Безамца догу-кха тайна.

Хьайн ойла елахь а шийла,

ДӀаэца сан дог ахь тийна,

Безаман цӀаро дагийна,

Везначун айпаца дагца ийна.

***

Кест-кестта буьйсанна йог1у-кха нана,

Бераллехь санна, цо тlехь тодо юргlа,

Хlинцца бен со кхета

ца йоьлла цунах,

Дерриге дийнахь и ца тоьу суна.

Сан уьсанг ю йоккха,

ю стол шуьйра…

Ткъа цунна, тешна ю, дерриге хаацара.

Цуьнан кучан юх лаьцна, елха-кха

даггара, –

Со тlаккха, къар ца луш,

нуьцкъала хир яра.

ЭхI, мама, сан нана,

хьо цхьаъ ю кхетар,

Хьайга дIацаалархь,

кхетош ца дийцарх,

Харцдолчо, дог лазош, дагадо гуттар

Дегала хиларца латточу къийсамехь.

Ерриге буьйсанна, дош алар доцуш,

Вай къамел даро а синтем бо дагна,

Иштта гуш долчу сан хазачу гIенаша

Ерриге халонаш яц-кха дIайохуш.

**Юха а...**

Юха а наб ца кхеташ

Чекхъели буьйса, со хьоьстуш,

Сан дог ду къахьегар дезаш,

Адамна вон дарах кхоьруш.

Маржа-яI, велар хьо хууш

Ас хьуна сагатдар тховса! –

Хьо хила тарлора лууш

Сан деган ойланаш хьаста.

**Со йоьлхур яц**

ХIан-хIа со йоьлхур яц хIинца,

Лалур ю соьга тийналла.

Ирсо дIатесначу цIийнан

НеI санна, бIаьргаш хьабдина.

Со сахьте кхерарца хьоьжу,

Цхьамза бац шен болар лагIдеш.

Шиъ даьлча хьо новкъа волу,

Ма сиха йоьду-кх хьо, зама!

Тхо вовшехкъаьстича-м, зама,

Хаьа, хьо меллаша гIур ю...

Дерриг а гIан долуш санна,

Хетало – вай кхин гур дуй-те?!

Ахь соьга дуьйцур дац хетарш:

Эшац сох къахетар хьуна.

Къастаран къахьо а эшош,

Сайн даго гӀо дийр ду суна.

***

ХӀан-хӀа, хир яц со сапаргӀат,

Синтем а суна карор бац.

Кхин керла лакхе яккха гӀерташ,

Со лаьмнийн новкъа оьхур ю.

Кхачор бац и некъ – чан цкъа а,

Со некъ кӀордийна соцур яц...

Ткъа генахь суна гуш ю нехан

ХIусамехь йогу керла цIе.

Атта некъаш ас ца хоьржу,

Халонашна леткъац со.

Генна хьалхахь сирла йогуш,

ЦIаро суна шен ницкъ ло.